

---

**Urwandiko rurimwo amakuru y'ukuri kandi ngirakamaro ku bagwayi,  
abavyeyi, hamwe n'abarwaza  
Uruhusha EUA rwo gukoresha umuti Baricitinib iyo turi mu bihe bidasanze.**

Uriko uraronswa (canke umwana wawe) umuti witwa baricitinib wo kuvura ingwara ya koronavirusi (COVID-19). Uru rwandiko rugufasha gutahura neza ingaruka mushobora guhura ufashe umuti baricitinib wahawe canke ushobora guhabwa umwanya uwariwo wose. Ruranakubwira inyungu ushobora gukura muri uwo muti.

Gufata umuti baricitinib ukawufatana na remdesivir birashobora gufasha abantu bamwebamwe barwariye COVID-19 mu bitaro. Uru rwandiko ruraguha umuco mu kukwereka ingaruka mbi hamwe n'inyungu bisanzwe bizwi, biva ku gufata umuti wa baricitinib mu bihe bidasanze kugira uvure COVID-19. Abaganga barashobora guhanura abantu ngo bafate canke bakabaha umuti wa baricitinib iyo bibwiye ko uwo muti woba ngirakamaro nkuko vyemewe.

Usabwe gusoma runo rwandiko rutanga amakuru atomoye ku muti baricitinib. Ni vyashika ukagira ibibazo, ntiwitinye kubiyaga na muganga wawe. Ushaka urafata umuti baricitinib canke uguhagarika kuwufata. Vyose bikuvako, nta gahato karimwo.

### **COVID-19 ni iki?**

COVID-19 ni ingwara iterwa n'umugera witwa karonavirisi (Coronavirus). Ushobora kwandura ingwara ya COVID-19 iyo wabonye n'umuntu ayigwaye. Mu bwoko bw'ingwara ya COVID-19 twabonye hari ubwoko busanzwe, budasinzikaza umugwayi (iyo umugwayi yanduye bumwebwumwe muri bwo nta n'ibimenyetso vy'ingwara yerekana), hakaba n'ubundi bwoko businzikaza umurwayi, bumwe muri bwo bukanatuma apfa. Naho amakuru dufise gushika ubu yemeza ko kenshi ingwara ya COVID-19 idasinzikaza amagara y'umuntu, hari igihe bishika igasinzikaza kandi bigashobora gutuma izindi ngwara warusanzwe ugendana zunyuka. Abantu bashaje hamwe n'abantu bo mu mirwi yose y'imyaka basanzwe bagendana ingwara zitandukanye nk'ingwara z'umutima, ingwara zifata amahaha, ingwara y'igisukari, nibo bakunda kurwara bakanajana mu bitaro kubera COVID-19.

### **Mbega ibimenyetso vy'ingwara ya COVID-19 ni ibihe?**

Mu bimenyetso vy'ingwara ya COVID-19 harimwo ubushuhe, inkorora, kwumva impemu zigiyeye. Ivyo bimenyetso bishobora kuboneka hagati y'iminsi 2 na 14 inyuma yo kwandura. Umuntu arashobora kuremba akanagira n'ingorane zo guhema kandi ivyo bituma n'izindi ngorane z'amagara warufise zunyuka.

### **Baricitinib ni iki?**

Baricitinib ni umuti bandikira umurwayi wemewe na FDA (Igisata kijejwe gukingira amagara y'abantu mu kugenzura ivy'imiti y'abantu n'ibikoko). Ukoreshwa mu kuvura abagwayi bakuze bagwaye ingwara yo mu ngingo yitwa rheumatoid arthritis ku rugero rutandukanye, iyo bari bamaze gukoresha uwundi muti wica inguvu za Tumor Necrosis Factor hanyuma ntukore neza canke ntubagwe neza. Umuti Baricitinib ntaruhusha ufise rutangwa n'igisata FDA rwo kuvura COVID-19.

Abahinga bariko bariga uwo muti wa Baricitinib barabe ko wokoreshwa mu kuvura abantu bari mu bitaro barwaye COVID-19. Hari amakuru make ajanye n'ubushobozi hamwe n'ingaruka nziza canke mbi zo gukoresha uwo muti wa baricitinib mu kuvura abantu bagwariye COVID-19 mu bitaro.

Igisata FDA caratanze uruhusha rwitwa Emergency Use Authorisation (EUA) rwo gukoreshereza rimwe umuti wa baricitinib n'uwundi witwa remdesivir mu kuvura COVID-19 muri bino bihe bidasanze turimwo. Ukeneye amakuru aramvuye ajanye n'urwo ruhusha rwitwa EUA, soma igice c'uru rwandiko gifise uyu mutwe w'amajambo "**Uruhusha Emergency Use Authorization (EUA) ni iki?**" kiri ku mpera yarwo.

**Ni igiki nobanza kubwira umuganga wanje imbere yo gufata umuti baricitinib? Bwira umuganga wawe ibintu vyose vyerekeye amagara yawe, na canecane ibi bikurikira:**

- iyindi ngwara atari COVID-19. Ntukwiye gufata umuti wa baricitinib nimba ugwaye ingwara y'igituntu.
- Ingwara z'igitigu hepatitis B na hepatitis C, canke umugera wa SIDA.
- Uramaze kugwara cancer iyariyo yose.
- Ufise amaraso yabaye nk'utubuye (blood clots).
- Ingorane z'amafyigo. Kirazira gufata baricitinib iyo ingorane z'amafyigo zihora zigufata bukwinabukwi canke zigusinzikaza, canke iyo usanzwe uriko uravugwa hakoreshjwe ubuhinga bwa dialysis bufasha abantu amafyigo yononekaye.
- Ufise ingorane z'igitigu.
- Ufise ama cellule atukura canke yera ari ku rugero rwo hasi.
- Uheruka kuronswa urucanco.
- Uribungenze canke uronsa umwana.
- Umuti wa baricitinid iyo uwufashe ntukugwa neza.

Bwira muganga wawe imiti yose uriko urafata, yaba iyo wandikiwe na muganga canke iyo wiguriye wewe nyene mu kazu ko kudandaza imiti, canke ama vitamine, canke imiti y'ibiterwa iza kwunganira iyindi kugira amagara amere neza.

Ukaba ufata imiti na canecane iyi ikurikira, bibwire muganga wawe:

- Umuti Probenecid
- Umuti uwariwo wose ugira ingaruka ku basoda b' umubiri wawe.

**Mbega nofata gute umuti baricitinib?**

Umuti Baricitinib uca mu kanwa kandi bawufata incuro 1 ku munsu mu kiringo c'iminsi 14 canke gushika uvuye mu bitaro (igitanguye kuba), ukurikije uko muganga wawe yabivuze.

**Mbega ingaruka mbi zishobora gushikira umuntu afashe umuti wa baricitinib ni izihe?**

Umuti baricitinib urashobora gutera ingaruka mbi cane, harimwo:

- **Ingwara z'ubwandu zikaze cane (infections).** Umuti wa baricitinib ni umuti ugira ingaruka ku basoda b'umubiri bawe. Baricitinib ni umuti ugabanya ubushobozi bw'abasoda b'umubiri bwo kurwanya izindi ngwara z'ubwandu atari COVID-19.
- **Amaraso yegerana akamera nk'utubuye (blood clots).** Amaraso yegerana akamera nk'utubuye mu mitsi yo mu maguru (ico bita deep vein thrombosis) canke mu mahaha (ivyo bita pulmonary embolism) ni zimwe mu ngorane abantu bamwe bamwe bafashe

umuti wa baricitinib bashobora guhura. Ibi bishobora kubangamira ubuzima bw'umuntu ndetse bikanamwica.

- **Ihinduka rya bimwe mu biva mu bipimo wakorewe.** Muganga wawe akwiye kugukorera ibipimo vy'amaraso imbere yuko utangura gufata umuti baricitinib kugira arabe neza ko amafyigo n'igitigu bikora neza, hamwe n'ama cellule y'amaraso afasha umubiri kurwanya ingwara z'ubwandu (infections).
- **Kugubwa nabi n'umuti.** Ni waramuka ubonye ibimenyetso nko kugira uduhere, kuvyimba iminwa, ururimi, izosi, canke guhurirwa (ukugira uduhere dutukura usanga kenshi tubabaza cane), bimenyeshe ubwo nyene muganga wawe. Ibi bishobora gusigura ko umuti utariko ukugwa neza.

Ugomba kuronka amakuru yiramvuye, soma urwandiko rutanga umuco ku vyerekeye umuti Olumiant® (baricitinib), aha <http://pi.lilly.com/us/olumiant-us-mg.pdf>.

### **Ni wabona ibi bimenyetso bikurikira usabwe guca ubimenyesha umuganga wawe mu maguru masha:**

- ukuvyimba, ububabare, canke gutonekara mu kuguru
- ububabare bwo mu gikiriza buza giturumbuka kandi buza utazi ico buvuyeko
- ukwunyuka kwo kubura impemu biza giturumbuka
- kugira uduhere, ukuvyimba iminwa, ururimi, canke izosi, canke kumera nkuwuhuriwe

### **Iyindi miti umuntu ashobora guhitamwo ni iyihe?**

Nkuko vyashitse ku muti baricitinib, igisata FDA kirashobora gutanga uruhusha rwo gukoresha iyindi miti mu bihe bidasanzwe, yo kuvura abantu barwariye mu bitaro kubera COVID-19; Ja ku rubuga <https://www.covid19treatmentguidelines.nih.gov/> kugira uronke amakuru yiramvuye ajanye no gukoresha mu bihe bidasanzwe imiti itarahabwa uruhusha rwo gukoreshwa n'igisata FDA kugira ifashe kuvura abantu bari mu bitaro bagwaye COVID-19. Muganga wawe arashobora kukubwira ibikorwa vy'igeragezwa ry'imiti biriko birakorwa kandi ufiteye uburenganzira bwo kujamwo.

Ni wewe wihitiramwo kuvurwa canke kutavurwa hakoreshejwe umuti wa baricitinib. Ni wafata ingingo yo kwanka kwakira uwo muti canke guhagarika kuwukoresha umwanya uwariwowose, ntaco bizohindura ku kuntu warusanzwe uvurwa.

### **Bizogenda gute ni naba nibungenze canke nonsa umwana?**

Nta bushakashatsi burakorwa ku bijanye n'ingaruka uwo muti ugira ku bagore bonsa abana canke nibungenze. Ntituramenya ko umuti baricitinib wogirira ingaruka mbi umwana wawe ari munda canke woca mu maberebere. Nimba wibungenze canke uriko uronsa umwana, vugana na muganga wawe uburyo butandukanye ushobora kuvurwamwo kandi wongere umwiganire uko amagara yawe yifashe vy'umwihariko.

### **Mbega nshikiwe n'ingaruka mbi zitewe n'ugufata uwo muti wa baricitinib nobimenyesha gute?**

Ni wagira ingaruka mbi zitewe n'ugufata uwo muti kandi zidahera, usabwe kuzoca ubimenyesha muganga wawe. Ni vyashika ugushikirwa n'izo ngaruka mbi, bimenyeshe **FDA**

**MedWatch (umugambi ujejwe kwakira amakuru ajanye n'ingaruka mbi ziterwa n'imiti)** ubicishije ku [rubuga ngurukana bumenyi www.fda.gov/medwatch](http://www.fda.gov/medwatch) canke uhamagare kuri 1-800-FDA-1088. Urashobora kandi kumenyesha izo ngaruka mbi Lilly mu guhamagara kuri 1-855-LillyC19 (1-855-545-5921).

### **Ngomba amakuru yiramvuye noyaronka gute?**

- Baza muganga wawe
- Ja ku rubuga ngurukanabumenyi <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>
- Vugana n'Igisata kijejwe amagara y'abantu mu karere uherereyemwo canke muri Reta ubamwo.

### **Uruhusha Emergency Use Authorization (EUA) rusigura iki?**

Igisata FDA ca Reta zunze Ubumwe bwa Amerika cuguruye itangwa ry' umuti baricitinib cisunze Uruhusha rutangwa mu bihe bidasanze rwitwa EUA kugira uvure abagwayi bamwebamwe ba COVID-19. Uruhusha EUA rushigikiwe n'itangazo ryasohowe n'Umushikirananyi w'Amagara y'Abantu n'ayandi ma Seruvisi aberekeye (HHS) rivuga yuko hari ibihe bidasanze muri kino gihe c'ikiza ca COVID-19 bishobora gutuma hakoresha umuti kanaka utari usanzwe ukoresha.

Baricitinib, nk'umuti wo kuvura COVID-19, ntiwaciye mu nzira yo gusuzumwa iyindi miti icamwo kugira ibe imiti yemewe n'igisata FDA. Igisata FDA kirashobora gutanga uruhusha EUA iyo ivyangombwa bisabwa kugira umuti wemererwe gukoreshwa. Muri ivyo vyangombwa harimwo kuba ata yindi nyishu ku kibazo cateye ibereye kandi yemewe ihari. Ikindi naco, ingingo y'igisata FDA iba ifatiye ku vyemezo vyose biva mu bushakashatsi bwakozwe vyemeza ko uwo muti ukwije ivyangombwa bimwebimwe bijanye n'ingaruka zawo, inguvu ufise zo gukiza, ko bawanditseko ibitegerezwa kwandikwako, kandi ko ushobora kuba ufise ubushobozi bwo kuvura abagwayi b'ikiza ca COVID-19. Umuti utegerezwa gukwiza ivyo vyangombwa vyose kugira wemererwe gukoreshwa mu kuvura abagwayi b'ikiza ca COVID-19.

Uruhusha EUA rwahawe umuti baricitinib kugira ukoreshe mu kuvura abagwayi bamwebamwe ba COVID-19 ruzomara igihe itangazo rijanye n'ingwara COVID-19 risigura igituma imiti nkiyo yokoresha mu bihe bidasanze rizomara; kiretse iryo tangazo rifuswe canke rigakurwaho (inyuma yico gihe, imiti nkiyo ntiyosubira gukoreshwa).  
Ukwezi amakuru yatanzwemwo 2020

### **Eli Lilly and Company, Indianapolis, IN 46285, USA**

Uburenganzira bwo kugaba wenyene igikorwa cawe wakoze (copyright) © 2020, Eli Lilly and Company. Nyene uru rwandiko arufiseko uburenganzira bwose.

3.01-BAR-0000-EUA PAT-20201119